

Konprann plan chwa lekòl Baze-Lakay tounèf la

Kòmanse an Janvye 2014, Lekòl Piblik Boston (BPS) ap pral kòmanse sèvi ak plan plasman lekòl tounèf la pou elèv jadendanfan rive nan uityèm ane. Nouvo plan sa a yon komite ekstèn te devlope ak dizon kominote a ap elimine twa (3) gwo zòn yo epi l ap ede elèv ale nan bonjan kalite lekòl, ki pi pre lakay yo. Nan premye ane li, l ap sèvi elèv k ap antre nan klas tranzisyon yo: K0, K1, K2, ak 6zyèm lèfini y ap ajoute lòt klas chak ane apre sa. Lekòl segondè yo ap rete opsyon lekòl pou tout vil la pou tout elèv.

Plan Baze-Lakay la:

- Ogmante chans yon fanmi genyen pou li resevwa youn nan lekòl ki te nan lis premye chwa li yo
- Ogmante, angwo, aksè ekitab ak lekòl ki gen bonjan kalite
- Asire chak timoun ki ap antre nan jadendanfan ka chwazi bonjan kalite lekòl
- Redui distans yon timoun vwayaje al lekòl 40 pousan an mwayèn
- Ofri frè ak sè priyorite pou ede frè ak sè ale nan menm lekòl
- Ofri chwa andiplis nan tout vil la pou tout fanmi, epitou
- Konekte lekòl elemantè yo ak lekòl mwayen yo pa filyè yon chemen volontè. Lekòl segondè yo rete lekòl pou tout vil la.

Plan Baze-Lakay la sèvi ak lakay elèv la kòm pwenndepa:

- N ap ofri yon lis chwa lekòl ki pèsonalize pou chak grenn fanmi baze sou adrès lakay yo. Li genyen ladan l tout lekòl nan distans yon mil ak lakay yo, lèfini, depi gen bezwen pou sa, lekòl ki pa lwen ki genyen pèfòmans MCAS ak pwogrè wo nivo. Sa ap asire chak fanmi gen aksè ak bonjan kalite lekòl, kèlkilanswa kote li rete a.
- Lis la kapab ralonje suivan bezwen pou mete lekòl ki ofri K0, Travay Klas Avanse (AWC) ak lòt toujou, epi pou n asire fanmi yo genyen opòtinite pou aplike pou opsyon K0, pwogram de (2) lang, enklizyon, ak plis toujou, epitou pou asire nou kapab ofri chak timoun yon plas nan yon lekòl nan lis li a. Lekòl sa yo ap rele "Lekòl Opsyon."
- Chak fanmi ap ka chwazi sis (6) lekòl pou piti; anpil nan fanmi yo ap genyen 8-14 chwa an mwayèn.
- Fanmi yo ap kapab seleksyone nenpòt ki lekòl ki la pou tout vil la.
- Plan Baze-Lakay la se yon lotri; kidonk nou pa kapab garanti tout aplikan ap jwenn lekòl yo te chwazi kòm pi bon chwa yo a. Menm jan ak anvan, akòz plas yo limite, nou pa kapab garanti non plis tou yon plas nan K0 osinon K1. Elèv ki aplike pou jadendanfan, 6zyèm ane ak 9yèm ane an Janvye ap gen pi bon chans pou jwenn plasman nan chwa ideyal yo a.

Plan Baze-Lakay devlope pou asire chak fanmi gen yon bonjan kalite lekòl nan lis pèsonalize li a. Nou gwoupe lekòl yo an kat **nivo** dapre jan elèv yo te pèfòme nan tès **MCAS** yo pandan de (2) dènye ane ki sot pase la yo. // Chak fanmi genyen owmens de (2) nan lekòl ki genyen pi gwo rezilta yo (Nivo I – tòp 25%) epi owmens kat lekòl ki nan mwatye pèfòmans MCAS pi wo yo an montan (Nivo I ak Nivo II) nan lis pèsonalize li yo. // Nou konnen fanmi yo gade anpil faktè anplis MCAS pou decide si yo dwe chwazi yon lekòl ou pa, lèfini n ap travay ak kominote a pou devlope yon bon kalite mezi a lavni.

Pou Elèv k ap Aprann Angle ak elèv di gen enfimite, plan Baze-Lakay la kreye chwa yon kominote gwoup lekòl pou asire elèv yo ale nan lekòl ki ofri pwogram ak kalite ki pi pre lakay yo.

Plan Baze-Lakay la pi previzib epi li bay paran pi bon opòtinite pou yo konn chwa lekòl yo depi davans. Sa vle di fanmi yo kapab aprann plis sou lekòl yo a pi bonè, sa kapab ranfòse koneksyon ant lekòl, elèv ak fanmi. Plis enfòmasyon sou plan Plasman Baze-Lakay la ap disponib sou bostonpublicschools.org nan fen mwa Septann. Fanmi yo ap kapab aprann plis tou sou pwòp chwa lekòl yo baze sou nouvo plan an nan mwa Novanm pandan peryòd Chwa Lekòl yo.

